

DWA AK RESPONSABILITE SOU BENEFIS ASISTANS CHOMAJ DEZAS

Ou te fè yon demann pou Asistans Chomaj Dezaz an akò avèk Lwa sou Sekou pou dezaz Robert T. Stafford. Yo va pran yon Detèminasyon sou kalifikasyon ou epi yo va enfòm w.

Pou kapab kalifye pou benefis yo pou nenpòt semèn Asistans Chomaj Dezaz, ou dwe ranpli kondisyon sa yo:

1. Ou dwe totalman pap travay, oswa pasyèlman pap travay, nan yon zòn sinistre akòz dezaz la epi ou pa dwe ap resevwa benefis konpansasyon chomaj regilye nan Eta Florid oswa nenpòt lòt eta.
2. Ou dwe soumèt dokiman pou pwouve anplwa ou ak salè ou nan 21 jou kalandriye de dat ou te depoze demann lan.

* Montan asistans chak semèn DUA w la ka ogmante si ou bay yon prèv salè. Dokiman ki soumèt avèk yon demann pou rekonsiderasyon monetè ap aksepte nenpòt lè pandan peryòd asistans pou dezaz la. Dokiman ki prefere se papye taks revni w oswa W-2 pou ane presedan ke dezaz la te deklare a. Pou revni travay endepandan, ou pral bezwen bay tou papye taks revni w ansanm avèk kopi fòm endèks ki apwopriye yo pou verifye deklarasyon pwofi ak pèt.

* Pou prèv sou anplwa ou dwe soumèt dokiman ki montre ke ou tap travay ak/oswa ou te yon travayè endepandan nan moman dezaz la, oswa ou te pwograme pou al kòmanse travay ke dezaz la te anpeche. Dokiman ki prefere enkli, men sanzoubliye yon lisans pwofesyonèl aktif, deklarasyon bankè oswa resi chèk pou travay ou te fè 30 jou anvan dezaz la. Si ou pwograme pou al kòmanse yon travay ki pa disponib ankò akòz dezaz la, ou dwe soumèt yon deklarasyon ki soti nan men anplwayè a pou konfime sa. Si w pa bay dokiman ki nesesè yo, sa pral lakòz yon detèminasyon diskalifikasyon ak/oswa yon peman anplis ki baze sou enfòmasyon ki disponib.
3. Ou dwe reklame benefis ou yo jan enstriksyon an di l la. Si ou pa fè demann pou benefis yo alè jan sa pwograme a, ka lakòz yon reta oswa ou pèdi benefis ou yo.
4. Ou dwe rapòte tout òf travay ke w jwenn. Si ou refize nenpòt referans travay ki apwopriye ke Sant CareerSource lokal ou a te fè w, ka diskalifye w pou resevwa benefis yo.
5. Ou dwe kapab ak disponib pou travay an plentan pou majorite pòsyon nan semèn travay òdinè ou. Sa vle di ke ou dwe pare, gen volonte ak kapab aksepte travay apwopriye toutefwa ke pa gen okenn rezon oswa sikonstans - pèsònèl, fizik (sof si ou gen enkapasite pou travay akòz dezaz la), oswa otreman ki anpeche w chèche travay oswa aksepte yon travay an plen tan ke w te kalifye pou li. Yo pral ba ou yon fòm rechèch travay pou mete kontak tout anplwayè ou te tcheke pou chak semèn.
6. Ou dwe rapòte tout èdtan ou te travay kèlkeswa si w te resevwa peman pou travay ou te fè a. Ou dwe rapòte salè brit yo anvan tout dediksyon, epi mete tout poubwa, lojman ak repa. Tout peman Rezèv Militè ak Gad Nasyonal dwe rapòte kòm revni avèk tout peman pou retrèt.
7. Si w se yon travayè endepandan, **ou dwe rapòte salè brit ou pou semèn ou te touche a**
8. Ou dwe rapòte si adrès ou chanje.

Si ou gen lòt dokiman pou prouve anplwa w ak salè ou, ou ka faks enfòmasyon yo nan 1-800-222-7934, oswa soumèt yo atravè lapòs US nan:

DUA Unit
P.O. Box 5350
Tallahassee, FL 32314-5350

Si ou gen kesyon sou reklamasyon w lan, tanpri rele 1-800-204-2418.

Penalite pou Fwod: Sanksyon pou Fwod: Benefis DUA yo se fon federal ki gen penalite ke lalwa preskri pou sanksyone tout moun ki volontèman bay fo deklarasyon oswa kache fè enpòtan pou yo ka jwenn asistans benefis kote ou pa tap gen dwa pou resevwa yo.

Yon anplwayè/pwogram opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann pou moun andikape. Ou ka jwenn tout nimewo telefòn vokal ki sou sit entènèt sa ki aksesib a moun ki itilize ekipman TTY / TDD atravè Sèvis Relè Florid la nan 711.

DEO UCB/DUA-2 REVIZE 01/10/19